Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет районалъул газета

№ 18 (6650) 8 апрель 2019 с. Итни ШагIбан 1440 с. Багьа эркенаб



СИЯСАТ

## ХIажимурад МухIамадов: «Дагъистаналъул бетIерасул ХитIаб ккола республикаялда гIумруялъул даража борхизабизе гIуцIараб программа»

### Бакълъулазул ракьалда гьоркьоб лъуна Владимир Васильевасул ХитIаб

**Райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана активалъул данделъи. ГIахьаллъана учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъаби, росабазул поселениязул бутIрул ва гьезул заместителал, районалъул школазул нухмалъулел, маданиял учреждениязул, библиотекабазул хIалтIухъаби ва цогидалги.**

2019 соналъул 20 марталда Дагъистан Республикаялъул бетIер Владимир Васильевас республикаялъул Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитIаб гьоркьоб лъезе ахIараб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил МухIамад Камиловас ва Бакълъулазул районалдасан ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутат НурмухIамад ГIалиевас. Активалъул данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Республикаялъул бетIерасул ХитIабалда тIасан доклад гьабуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

«Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевас Халкъияб Собраниялде ХитIабалда загьир гьарун руго социалиялгун экономикиял суалал, мугIрузул улка цебетIезабиялъул рахъалъ церечIарал жавабиял масъалаби. Рихьизарулел руго сахлъи цIуниялда, лъайкьеялда, гIолилазул политикаялда, агропромышленнияб комплексалда гьаризе хIисабалде росарал хIалтIаби. ХитIабалда кIвар буссинабун буго Россиялъул президентасул ХитIабалда рихьизарурал масъалаби дурусго тIуразаризе, бюджетниказе хIалтIухъ мухь кьей регионалда бугеб гьоркьохъеб харжалда рекъон ккезабизе, лъималазе пособиял цIикIкIинариялъе, сахлъи цIуниялъул учреждениял дарабаздалъун, флюорографиялъул ва цогидалги аппаратаздалъун, «Хехаб кумекалъул» машинабаздалъун хьезариялъе, лъайкьеялда хIалтIулел педагогазе харжал цIикIкIинариялъе ресал ратизаризе»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас. Районалъул бетIерас кIвар бугеллъун, гьанжесел тIалабал гьорлъ ругеллъун рикIкIана ДРялъул бетIерасул хIаракаталдалъун гIумруялде рахъинарулел ругел республикаялъул проектал ва программаби. «150 школа» программаялда рекъон, Гумбеталда 7 школалъе ремонт гьабизе хIисабалде босун буго. ГIумруялъул киналго рахъазда рихьулел руго лъикIал хиса-басиял. Республикаялъул бетIер Владимир Васильевасул рахъ ккурал, гьеб лъикIаблъун рикIкIарал ва бугеб хIалалъе къимат кьурал, цебетIей букIине ккани щиб гьабизе рес бугебали масъалаби цере лъурал кIалъаял рукIана ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутат НурмухIамад ГIалиевасул, МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил МухIамад Камиловасул, Бакълъулазул районалъул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовасул, районалъул культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановасул, райбольницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев МухIамадхIабиб Абакаровасул. Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана ва кIвар бугел суалал рорхана Гъоркь Инхо росдал поселениялъул бетIер МухIамад Ибрагьимовас, МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас, Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев СагIит МухIамадовас, Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас.



Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас баркала кьуна гьоболлъухъ рачIаразе ва ХитIабалъул рихьизариял бакълъулазги гIумруялде рахъинаризе рукIиналда ракIчIей загьир гьабуна.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Макъу тун, рагъана, квен тун, рагъана...

### КIудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тIубаялде хIадурлъулел руго Бакълъулазул районалда

**Бакълъулазул районалда тIобитIараб данделъиялда гьоркьоб лъуна КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялде хIадурлъиялъул ва байрам тIобитIиялъул хIакъалъулъ суал.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, районалъул администрациялъул аппаратальул вакилзаби, бакIалъул самоуправлениялъул органазул хIалтIухъаби ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Аргъвани ва ЦIияб Аргъвани росаби: нухал, мактабал, лъел мухъал

-2 гьум.



Унсоколо районалъул судалъул цIияв судияв тана

-2 гьум.



Лъараца унел хабалал, сиял, ахал…

-3 гьум.



Дагестанские Волонтеры Победы помогает ветеранам с настройкой приема цифрового телевидения

3 гьум.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.

Инхоса ПІали-хІажи

№ 18 8 апрель 2019 с.

МАГІАРУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Аргъвани ва ЦІияб Аргъвани росаби: нухал, мактабал, лъел мухъал

## ГІадамазе гІумру гьабиялъе шартІал лъикІлъизариялъул масъалаби рорхана

**Бакълъулазул районалъул Аргъвани ва ЦІияб Аргъвани росабалъ гІадамал тІаде къабул гьаруна районалъул нухмалъиялъул ва республикаялъул парламенталъул вакилзабаз. Муниципалитеталъул администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиев Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухІамад ГІалиевгун щвана Аргъвани ва ЦІияб Аргъвани росабазул маданияб ва цогидалги гІуцІабазде, гІадамал тІаде къабул гьаруна, гІенеккана гьезухъ ва цере лъурал масъалаби тІураялъе жидеда бараб гьабизе бугилан абуна.**

МухІамад Хъарагишиевас ва НурмухІамад ГІалиевас лъай-хъвай гьабуна Аргъвани, ЦІияб Аргъвани росабалъ бугеб ахІвал-хІалалъулгун, щвана лъайкьеялъул идарабазде, цогидал бакІазде, батІи-батІиял суалалгун гІадамал къабул гьаруна. ТІоцебесеб иргаялда гІинтІамуна мугІалимзабазухъ. Аргъвани гьоркьохъеб школалъул мугІалимзабаз гьарана школалъул музей гІуцІизе кумек гьабеян. Хъарагишиевас ва ГІалиевас абуна гьеб проект гІумруялде бахъинабизе кумек гьабилин. «Сельсовет “Аргванинский”» росдал поселениялъул минаялъуб ЦІияб Аргъваниб тІобитІана гІадамал къабул гьари. Гьез рорхана лъайкьеялъул, АПКялъул, сахлъи цІуниялъул, ЖКХялъул, социалиял ва цогидалги суалал.

ЦІияб Аргъваниса гІадамаз бицана гьекъолеб лъим гІолеб гьечІолъиялъул ва гьарана 2 км халалъухъе лъим бахъизе кумек гьабеян. Гьединго гІадамаз борхана Сагъри



- ЦІияб Аргъвани шагърanух гІатІид гьабизе ва цІигьабун къачІазе ккеялъул суал. Районалъул нухмалъиялъ ва депутатас загьир гьабуна гьел суалал тІуразе хІадур ругилан абураб пикру. НурмухІамад ГІалиевас бухьен ккуна Дагъистаналъул транспорталъул ва нухазул магІишаталъул министр Ширухан ХІажимурадовасулгун, баян гьабуна Сагъри - ЦІияб Аргъвани шагърануxаб 2020 соналъ хъил тІезе бугин.

ЦІияб Аргъвани участкаялъулаб больницаялъул бетІерав тохтур Ибрагьим ХІайбулаевас абуна гьеб медицинаялъул идараялда капремонт абураб жо гьабизе кколин. Рес рекъарабго, кумек гьабизе рагІи кьуна районалъул нухмалъиялъул ва республикаялъул парламенталъул вакилзабаз. Делегация гьединго щвана «Гурга» ясли-ахикье, хІалтІухъабазулгун гара-чІвари гьабуна, лъималазул сахлъи цІуниялъул суалалде кІвар буссинабуна, школалъул гІумруялде рахинчІезул идарабазул хІажалъаби тІуразе ругин абуна.

Росабалъе щолаго ва гІадамал къабул гьарулаго, гьеб сапаралда гІахьаллъи гьабуна эргъвендерил росабазул бетІер АхІмадбег Ибрагьимовас, Халкъияб Собраниялъул депутатасул кумекчагІи ГІалихан Бегаевас, ГІали ГІумархІажиевас ва цогидазги.

**ГІизудинил ХІамзат**

# Макъу тун, рагъана, квен тун, рагъана...

**(Байбихьи-тІоцебесеб гьум.)** Федералияб казначействоялъул Управлениялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев АхІмад Мансуровас киназдего хитІаб гьабуна финансовиял операциял гьарулаго законалъул тІалабал цІунеян ва ракІалде щвезабуна законал цІуничІони жавабчилъиялде цІалеллъи. Россиялъул пенси-



ялъул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТІалхІат Жамалудиновас бицана бесдал лъималазе пособиял цІикІкІиналъул.

Араб анкьалъ ДРялъул МФЦялъул Бакълъулазул районалда бугеб филиалалде бачІана пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян 272 гІарза. Районалъул централияб больницаялъул бетІерав врачасул ишал тІуразарулев МухІамадхІабиб Абакаровас абуна дараби рачІанин ва сахлъи цІуниялъул идарабазул хІалтІи квеш гьечІилан. Районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас бетІерав тохтурасда гьикъана «Земский доктор» программа гІумруялде бахъинаби кин бугебан ва ЦРБялда гьечІел махщалилал рачІинариялъе нухал рихьизаруна.

ГІадамал хІалтІудалъун хьезариялъул централде араб анкьалъ вачІана 37 чи. ЦЗНалъул нухмалъулев Муслим ГІабдурахІмановас учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулезда ракІалде щвезабуна хІалтІул бакІазул хІакъалъулъ баянал рачІине кколеллъи.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул централияб бухгалтериялъул нухмалъулев Гьайирбег АхІмадовас борхана мугІалимазул тарификациялъул суал ва цогидалги церечІарал масъалаби. 2018 соналъ росабазул поселениязул бюджет тІубаялда ва цогидалги суалазда тІадчІей гьабуна районалъул хъаравуллъиялъулгун хІисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГІалиевас.

ЦІияб Аргъваниб тІобитІана торгІо хІаялъул турнир, спортшколалъул воспитаниказ гІахьаллъи гьабуна Агъвали ва Тарумовка росабалъ эркенаб гугариялъул къецазда, школа лъугІунез кьуна ГТОялъул нормаби, МелъелтІа тІобитІана столалда теннис хІаялъул къецал. Муниципалитеталъул спортивияб гІумруялъул бицана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухІма МухІамадовас.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул нухмалъулев Рамазан МухІамадовас рехсана лъайкьеялъул учреждениязда лъималазе хинаб квен кьеялъул, «150 школа» проекталде хІадурлъиялъул, ТІолгороссиялъул халгьабиял тІоритІиялъул хІакъалъулъ ва цогидалги суалал.

Бакълъулазул районалда хІадурлъулел руго КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тІубаялъул байрамалде. Гьелъул хІакъалъулъ баян кьуна муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас. Районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухІма Халидовас бицана налогал ракІариялъул, финансовияб бутІаялда бугеб хІалалъул, кІвар буссинабуна мугІалимазе хІалтІухъ мухь кьеялъул суалазде.

МухІамад Хъарагишиевас данделъиялъул хІасилал гьаруна, рихьизаруна щибаб идараялъул цебетІей ва гІунгутІаби, хитІаб гьабуна киналго бутІабазда лъикІал хІасилал щвеялъе гІоло хІаракаталда хІалтІеян.

**Гебек Гебеков**

# Унсоколо районалъул судалъул цІияв судияв тана

## РитІухъал хІукмаби къотІизе тавпикъ кьегиян абуна гьесда данделъиялъул гІахьалчагІаз

**2 апрелалда Бакълъулазул районалъул судалъул минаялда судиясул гьа бана Арсен Испагиевас. Россиялъул Президент Владимир Путиница 18 марталда гъулбас гьабуна «Федералиял судазул судьяби ва РФялъул Президентасул вакилзаби Москва областалъул судалъул коллегиялде тІамиялъул хІакъалъулъ» указалда. Гьеб указалда рекъон, Унсоколо районалъул судалъул судьялъун тун вуго Арсен Испагиев.**

Тадбиралда гІахьаллъана ДРялъул Верховный судалъул уголовниял делабазул рахъалъ судебнияб коллегиялъул председатель Расул МухІамадов, Унсоколо районалъул судалъул председатель Сулайман Исламханов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиев, Унсоколо судалъул судья Арсен Испагиев, Бакълъулазул районалъул прокурор МухІамад МухІамадов, прокурорасул заместитель Хизри Хираев, районалъул судалъул хІалтІухъаби ва цогидалги.

ДРялъул Верховный судалъул уголовниял делабазул рахъалъ судебнияб коллегиялъул председатель Расул МухІамадовас къокъго бицана Арсен Испагиевасул биография.

«Арсен Испагиевас лъугІизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул



юридическияб факультет. Армиялда хъулухъ гьабун хадув хІалтІизе лъугьана ДРялъул Верховный судалъул отделазул цоялда консультантлъун, тІамуна Кировский районалъул судалъул председателасул кумекчилъун, цо заманалда дир кумекчилъунги хІалтІана. Бокьун буго абизе, нужее судья лъикІав щванилан, щай абуни, гьесул буготеоретическияб лъай, гьединго хІалбихьи. ДРялъул Верховный судалъул нухмалъулезул божи буго, Арсен Испагиевас жиндирго лъай ва хІалбихьи Унсоколо районалъул судалда хІалтІулаго бихьизабилин», - ян абуна Расул МухІамадовас.

Арсен Испагиевас баркала загьир гьабуна рахъ ккуралъухъ ДРялъул Верховный судалъул председатель Сергей Суворовасе ва Верховный судалъул уголовниял делабазул рахъалъ судебнияб коллегиялъул председатель Расул МухІамадовасе.

«РагІи кьола ракІ бацІадго, парахалъи цІунулел органалгун ва цогидал идарабигун цадахъ рекъон хІалтІизе, Гумбет ва Унсоколо районазе пайдаял ишал гьаризе, ДРялъул Верховный судалъул нухмалъиял гьабураб божилъи ритІухъ гьабизе», - ян абуна Арсен Испагиевас.

Районалъул бетІерасул цІаралдасан, муниципалитеталъул администрациялъул ва жиндирго рахъалдасан МухІамад Хъарагишиевас судья Арсен Испагиевасда баркана цІияб хъулухъ ва гьарана хІалтІулъ лъикІал хІасилал.

**Хадижат Мазгарова**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



Щабдухъ росу

# Лъараца унел хабалал, сиял, ахал...

### ГIандигIорул рагIалда щулалъаби гьариялъул суалал рорхана

**Дагъистан Республикаялъул экологиялъул ва тIабигIиял сурсатазул министерствоялъул хас гьарун цIунулел тIабигIиял бакIазул отделалъул нухмалъулев Кадирбег Тагирбеков Бакълъулазул районалде хIалтIулаб сапаралъ вачIана ва гIадамал къабул гьаруна.**

Районалъул администрациялда гIадамал къабул гьариялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев, росабазул администрациязул бутIрул ва цогидалги. МухIамад Хьарагишиевас саламалъулал рагIабаздалъун дандчIвай гьабуна Кадирбег Тагирбековасда.

«Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул бетIер МухIамад Ибрагьимовас борхана ГIандигIорул рагIалдасан щулалъаби гьаризе ккеялъул суал, ахал, ракьал гIорул лъеца чурун инчIого цIуниялъе гIоло. Гьарана гIорул рагIалда дамба гьабиялъе кумек гьабеян.

ЧIикь росулъ гIолеб гьечIо гьекъолеб лъим, хIажат руго лъарал рагIалаби цIуниялъе хIалтIи гьабизе. чIикь росдал администрациялъул бетIер



АхIмаднаби Абакаровас лъуна тIабигIиял сурсатазул министерствоялъул вакиласда цере гьел масъалаби. «Село Чирката» росдал поселениялъул бетIерасул заместитель ХIажидада Загьидовас бицана чвахун цIадал рараб мехалда, ЧIиркъатIа росурагIалдасан ГIандигIорулъе чвахулеб Гьадарилъаралъ гьабулеб заралалъул. КIкIабатI гъорлъ бугел ихххаз чурулел руго басриял хабалал, ахал ва цогидалги кIвар бугел объектал. 270 метр халалъиялда дамба гьабизе ккола. Гъоркь Инхо – Килалъ нухда аскIосан чвахулеб буго Килалъ лъар, гьелъул лъим 1,2 км манзилалда шагьранухде бачIуна. Росдал бетIер АхIмад Каримовас гьарана гьеб суалалъул хал гьабеян.

«Село Верхнее Инхо» росдал поселениялъул бетIер МухтарахIмад МухIамадовас абуна тендер бергьараб фирмаялъ къвакIарал коммуналиял хутIелал рукIарулел ва раччулел гьечIилан, лъарахъ ва Ригьадиб сангар гьабизе ккелеб хIал бугин, росулъе лъим бачараб мухъ къачIазе ккolin.

КъвакIарал коммуналиял хутIелал раччиялъул, 1978 соналъго районалъул централде лъим бачарал рогIрал басралъун рукIиналъул суалал рорхана «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировасги. «Сельсовет "Игалинский"» росдал поселениялъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасги рехсана росдал поселениялъул администрациялде гъорлъе кколел росабалъ тIабигIат цIуниялда, лъедалъун хьезариялда, къвакIарал коммуналиял хутIелал раччиялда, Игьали ва Лъанлъари росабалъ дамбаби ва щулалъиялъе къадал гьаризе ккoлеб хIал букIиналда, лъим бачарал рогIрал хисизе ккеялда хурхарал суалал.

ГIалибег Тахо-годил цIаралда бугеб республикаялъул миллияб музеялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас гьарана Абулмуслим шайихасул си - тарихияб памятник цIуниялъе рагIаллъаби щулалъизе хIалтIаби гьаризе кумек.

Дагъистаналъул тIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул министерствоялъул хас гьарун цIунулел тIабигIиял бакIазул отделалъул нухмалъулев Кадирбег Тагирбеков кIвар кьун цивасухъги гIенеккун, рагIи кьуна гьел масъалаби тIураялъе кумек гьабизе, республикаялъул хIукуматалде гьел баянал щвезаризе. МухIамад Хьарагишиевас ТIабигIиял сурсатазул министекрствоялъул вакиласе баркала кьуна гьоболлъухъ вачIаралъухъ ва бакълъулазул хIажалъабазде кIвар кьуралъухъ.

**Гебек Гебеков**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

### Прокуратурой района выявлены нарушения при отбывании осужденным обязательных работ

**Прокуратурой Гумбетовского района проведена проверка в организациях, участвующих в исполнении наказаний, не связанных с лишением свободы, в части соблюдения требований законодательства РФ.**

В ходе проверки осуществлен выезд в администрацию МО «сельсовет Арадирихский» где, по сведениям уголовно-исполнительной инспекции отбывает назначенное по приговору суда наказание в виде обязательных работ осужденный Исмаилов С.М.

Согласно ч.1 ст.28 УИК РФ на администрацию организаций, в которых осужденные отбывают обязательные работы, возлагаются контроль за выполнением осужденными определенных для них работ, уведомление уголовно-исполнительных инспекций о количестве проработанных часов или об уклонении осужденных от отбывания наказания.

Проверкой установлено, что осужденный Исмаилов С.М. на рабочем месте отсутствовал, табели учета рабочего времени на него не заводились, в связи с чем не представляется возможным отследить количество отработанных часов и факт реального отбывания наказания.

Проверкой также установлено, что в отношении осужденного не издается распоряжение (приказ) о приеме на работу для отбывания наказания, не указывается должность работника, не определяются его должностные обязанности, а также территория, за которой закреплен осужденный.

Таким образом, в ходе проверки установлено, что в администрации «сельсовет Арадирихский» не осуществляется контроль за поведением осужденных к обязательным работам, что может способствовать совершению повторных преступлений.

По результатам проверки прокурором внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства главе администрации МО «сельсовет Арадирихский».

Рассмотрение акта реагирования и устранение нарушений прокуратурой района взяты на контроль.

**Прокурор Гумбетовского района, старший советник юстиции М. Р. Магомедов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

### О трудоустройстве бывших государственных или муниципальных служащих

**В течение первых двух лет после увольнения со службы при трудоустройстве на новую работу с любым размером оплаты труда или заключении гражданско-правовых договоров на выполнение работ (услуг) на сумму более 100 тысяч рублей в месяц бывший государственный или муниципальный служащий при условии, что его должность была включена в перечень должностей, при замещении которых работник обязан представлять справки о доходах, утвержденный нормативным правовым актом государственного органа или органа местного самоуправления, обязан сообщить новому работодателю о последнем месте своей службы.**

В случае трудоустройства новый работодатель обязан в 10-дневный срок направить уведомление о заключении такого договора по месту предыдущей службы работника.

Неисполнение этого требования закона влечет административную ответственность работодателя.

Данные ограничения не распространяются на случаи трудоустройства на новую государственную или муниципальную службу.

Если бывший служащий принимается на работу в организацию, в отношении которой он ранее осуществлял функции государственного (муниципального) управления, для трудоустройства он также должен получить согласие комиссии по соблюдению требований к служебному поведению государственных или муниципальных служащих и урегулированию конфликта интересов бывшего работодателя.

Неисполнение данного требования влечет расторжение нового трудового договора.

**Прокурор Гумбетовского района, старший советник юстиции М. Р. Магомедов**

## Дагестанские Волонтеры Победы помогает ветеранам с настройкой приема цифрового телевидения

**Волонтеры Победы Дагестана поддержали Всероссийскую акцию - «Телевидение для всех» и посетили ветеранов в госпитали.**

Ребята рассказали ветеранам о цифровом телевидении и предупредили, что с 15 апреля их телевизор перестанет показывать любимые каналы. В фойе госпиталя к телевизору старого образца волонтеры Победы подключили приставку.

С помощью этой приставки телевизор будет показывать 20 бесплатных каналов, даже в труднодоступных районах республики. В госпитале Волонтеры Победы подключат еще 7 приставок в разных отделениях.

Ветеранам ребята оставили свои контактные телефоны, чтобы они могли с ними связаться в случае возникновения проблем с получением сигнала. При необходимости волонтеры будут выезжать и в районы. Акция продлится до 3 июня.

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Читль» Гумбетовского района

**От 28 марта 2019 г. № 4** **РЕШЕНИЕ** **с. Читль**

### Об отчете «Об исполнении бюджета СП «Село Читль» за 2018 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом СП «Село Нижне Инхо», послушав доклад главного бухгалтера администрации сельского поселения об исполнении бюджета СП «Село Читль» за 2016 год Собрание депутатов:

**РЕШИЛ:**

1. Утвердить отчёт «Об исполнении бюджета сельского поселения «Село Читль» за 2018 год» (прилагается).

2. Согласно п.6 статьи 52 Федерального закона от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» обнародовать сведения отчета «Об исполнении бюджета СП «Село Читль» в районной газете «Гумбет»

3. Настоящее решение вступает в силу со дня принятия.

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «Село Читль» Алиев А.М.**

**(Продолжение- на 4 стр)**

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

ДОКУМЕНТЫ

**Приложение №1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Читль» от 28 марта 2019 г.**

## Доходы бюджета сельского поселения «Село Читль» за 2018 г.

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджета | | | | | | | План на 2018 год | Фактически исполнено за 2018год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Администратор | Вид доходов | | | | Подвид доходов | КОСГУ | | | |
| | | Группа | Подгруппа | Статья и подстатья | Элемент | | | | | |
| Налог на доходы физических лиц | 182 | 1 | 01 | 02010 | 01 | 1000 | 110 | 10 | 10,4 | 104,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 182 | 1 | 06 | 01030 | 10 | 0000 | 110 | 9 | 10 | 111,1 |
| Единый сельскохозналог | 182 | 1 | 05 | 03000 | 00 | 0000 | 110 | | | |
| Земельный налог | 182 | 1 | 06 | 06033 | 10 | 1000 | 110 | 18 | 26,5 | 147,2 |
| Государственная пошлина | 000 | 1 | 08 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | | |
| *ПРОЧИЕ НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ* | 000 | 1 | 00 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | 000 | 8 | 50 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 37 | 46,9 | 126,8 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 001 | 8 | 70 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 2228,2 | 2228,2 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 001 | 2 | 02 | 01001 | 10 | 0000 | 151 | 1510 | 1510 | 100,0 |
| Субсидии в т. числе | 001 | 2 | 02 | 02000 | 00 | 0090 | 151 | 112 | 112 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования | | | | | | | | 429 | 429 | 100,0 |
| Межбюджетные трансферты бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | | | | | | | | 207 | 207 | 100,0 |
| Субвенции | 001 | 2 | 02 | 03000 | 00 | 0090 | 151 | 82,2 | 82,2 | 100,0 |
| | в том числе | | | | | | | | | |
| ЗАГС | 001 | 2 | 02 | 03003 | 05 | 0000 | 151 | 1 | 1 | 100,0 |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 001 | 2 | 02 | 03015 | 10 | 0000 | 151 | 81,2 | 81,2 | 100,0 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | 000 | 00 | 00 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 2265,2 | 2275,1 | 100,4 |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Читль» от 28 марта 2019 г.**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Читль» за 2018 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимиты бюджет-ных обязательств на 2018год | Кассовые выплаты за 2018 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 2431,4 | 2056,6 | 84,6 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1135,0 | 1096,5 | 96,6 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1135,0 | 1096,5 | 96,6 |
| Местные выборы | 001 | 01 | 07 | | | | |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 81,2 | 81,2 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 81,2 | 81,2 | 100,0 |
| Национальная безопасность и правоохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | 1,0 | 1,0 | 100,0 |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | 1,0 | 1,0 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 315,0 | 105,0 | 33,3 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 315,0 | 105,0 | 33,3 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | 512,2 | 407,3 | 79,5 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 512,2 | 407,3 | 79,5 |
| **Образование** | ***001*** | ***07*** | ***00*** | | 9,0 | 0,0 | 0,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 9,0 | 0,0 | 0,0 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | 325,0 | 323,0 | 99,4 |
| Культурно -досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 325,0 | 323,0 | 99,4 |
| **Социальная политика** | ***001*** | ***10*** | 00 | | **36,0** | **35,6** | 98,9 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 36,0 | 35,6 | 98,9 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | *9900090100* | 17,0 | 7,0 | 41,2 |
| | | | | | | | |

БетІерав редактор
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтla росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.